Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax na ñeel Abuu Bakrin ak Umar: «ñaar ñii ñooy sangi paa yiy nekk àjjana ñu njëkk ña ak ñu mujj ña ba mu des yónente yi

Jële nañu ci Anas yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax na ñeel Abuu Bakrin ak Umar: «ñaar ñii ñooy sangi paa yiy nekk àjjana ñu njëkk ña ak ñu mujj ña ba mu des yónente yi ».

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa xibaare ne Abuu Bakrin Al-Siddiiq ak Umar Al-Faaruuq yal na leen Yàlla dollee gërëm ñoom ñoo gën ci nit ñi ginnaaw Yonnente yi, te ñoo gën ci ñi dugg àjjana ginnaaw Yonente yi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/11161